

PLANIFIKASYON POU SEKIRITE

Ki jan de aksyon ke ou ka pran an konsiderasyon???

- Rele lapolis nan ka ijans.
- Rapòte vyolans la bay lapolis.
 - Rele liy èd telefonik pou vyolans domestik la (hotline), pou pale, pran enfòmasyon, oswa ide, jwenn yon shèltè, oswa planifye yon plan pou sove an sekirite.
- Fè moun ki ap abize ou-an rete lwen-ou ak yon Entèdiksyon pou Pwoteksyon ke tribinal bay pou anpeche li pwoche-ou.
- Wè ak yon doktè pou domaj ak blesi ou-yo (e anvizaje fè mesye oswa dam la, ekri lakòz domaj ak blesi ou-yo).
- Pale ak yon zanmi, memb fanmi, vwazen, oubyen yon lòt moun pou sipò e mande pou yo ede-ou.

Plan Sekirite : Vyolans ant Moun ki Renmen

Si ou ap viv ak oswa renmen ak yon moun ki vyolan

Paske danje ka rive a nenpòt ki moman, anvizaje aksyon sila-yo:

- Egzèse yon plan pou sove an ka ijans.
- Revize plan-an ak yon konseyè oswa yon reprezantan.
- Aprann timoun-yo ki sa pou yo fè pou jwenn sekou nan ka ijans, kijan pou yo sove ak kijan pou yo rele nan telefòn.
- Sere yon monnen yon kote ki si, pou timoun /ou menm ka peye telefòn piblik.
- Sèvi ak yon telefòn potab oubyen yon selila, si posib.
- Sèvi ak bagay ki fè bri (souflèt, alam pèsònèl, etc.) pou jwenn sekou.
- Mande vwazen pou yo prete atansyon, tandè, siveye, e rele lapolis si yo ta sispèk aktivite ak moun.
- Fè yon moun konnen si ou panse ke pral gen vyolans ki pral fèt.

Lèvyolans samble li ap pwoche, evite ale nan kizin, saldeben, ak pyes nan kay la ki pa genyen pòt ki bay sou deyò. Kòmanse agi sou plan sekirite ou-la, sou premye siy ke pral gen lòbèy.

Si ou gen lentansyon lite yon relasyon ki vyolan, kisa ou bezwen?

Li toujou meyè pou planifye pou ka ijans sa-yo, anvan menm ke yo rive.

- Planifye ki kote ou prale, si toutfwa ou chwazi ale, oswa ou fose ale.
- Planifye de kisa ou pral pran avek-ou, si ou gen pou kouri.
- Fè plan pou timoun an bèt-yo.
- Fè plan pou lòt reskonsabilite ak bezwen.

Konsèy pou Sekirite

- Sonje byen: ke yon danje ka agrave pandan ke ou ap eseye sove, oswa apre ke ou kite yon relasyon ki vyolan.
 - Mete sou plas yon plan sekirite, tout otan ke gen kominikasyon ant ou-menm ak moun ki ap abize ou-an, e apre sa. Revize plan-an souvan ak konseyè ou-an.
 - Si ou demenaje, mete lwaye-a, telefòn la, ak bil kay-la sou non yon lòt moun si toutfwa ou kapab.
 - Asire-ou ke tout seri nan kay-la (pòt ak fenèt-yo) ansanm ak limyè-yo (andedan e soudeyò) mache jan yo sipoze.
 - Enstale yon alam sekirite nan pòt ak fenèt-yo. Enstale alam pou dife, mete pòt an fè, oubyen lòt bagay pou mezi sekirite ou.
 - Pran yon nimewò telefòn ki pa pibliye nan anyè telefèn. (chanje ansyen nimewò telefòn ou si li nesèsè.)
 - Ale pran yon Entèdiksyon pou Pwoteksyon-ou.
 - Fè fotokopi lòd entèdiksyon tribinal la, kende yon fotokopi lakay-ou, nan travay-ou, ak nan valiz-ou
 - Fè yon lòt moun al depoze e ale chèche timoun-yo, si yon jij bay lòd pou vizitasyon.
 - Sèvi ak yon bwat postal, olye de yon adrès kay. Cheke bwat postal sèlman pandan lè biwò yo ouvri.
 - Rapòte tout aktivite ki sispèk bay lapolis, fè rapò pou tout vyolasyon kont entèdiksyon-an ki nesèsè.

- Kenbe fotokopi papye divòs, lòd tribinal copy of divorce, custody orders, etc. at school.
- Fè aranjman espesyal pou ale chèche timoun-yo lekòl.
- Mande lekòl-la pou yo rele-ou si yo ta obsève nenpòt ki kontak ki pa nòmal al moun ki ap abize yo-an.
- Fè menm kalite aranjman sa-yo, ak gadri timoun-yo / oswa moun ki ap veye-yo pou-ou.
Fè yo voye lèt kourey-ou nan sant vyolans domestik la, pou yo ka voye yo pou wou oswa nan yon lòt kote ki gen sekirite.
- Pa ranpli fòm pou chanje adès-ou ak biwò lapòs, (enfòmasyon sa-yo prive)

Planifikasyon pou Sekirite nan Travay.

Li enpòtan pou yon moun ki siviv vyolans domestik, rete vijilan e prepare-yo pou posibilite ke moun ki abize-yo an ka eseye rantre an kontak vaek-yo pandan yo nan travay. Yon plan sekirite pou travay, kapab ede ou si moun ki abize ou-la, rele oswa parèt nan travay la. Kilès sa sa-yo ou ka fè?

- Fè yon kolèg nan travay la konnen sitiyasyon-an
- Bay sekirite nan travay la oubyen resepsyonis la, yon foto moun ki ap abize-ou la
- Mande moun (yo) pou yo rele lapolis nan ka ijans.
- Mete yon lòt moun o kouran si toutfw premye moun ta pa nan travay oswa pa pre.
- Mande yon moun pou reponn telefòn pou ou, pou konnen kilès ki ap rele anvan ke ou reponn.
- Mande yon moun siveye pou ou.
- Planifye Kijan ou pral rantre e soti chak jou.
- Keep a copy of your injunction at work.
- Fè lòt moun konnen ke ou gen yon lòd tribinal pou entèdiksyon pwoche-ou, pou pwoteksyon.
- Request office or desk to be placed in a safe location.
- Request help from employee assistance program.
- Planifye yon vwa pou kouri sove.
- Gen yon siyal ki vle di ou bezwen sekou (souflèt, alam, etc.)
- Kondwi nan yon lòt chemin lè ou ap kite lakay-ou e lè ou ap retounen chak jou.
- Chèche yon pyès ki an sekirite ke ou kapab itilize nan ka yon ijans.
- Asire-ou, ke seri-yo mache, e ke li genyon telefòn oswa yon fenèt oubyen yon dezyèm pòt.
- Lokalize yon plas pou pake machinn-ou ki prè pòt la e ki nan yon kote ki gen anpil limyè.
- Si posib, fè yon moun depoze-ou e vinn chèche-ou, chanje machinn ak yon lòt moun, oubyen pral woulib an gwoup.

Ki kote Ou Ka Rele pou Sipò?

- Liy Èd Telefonik pou Vyolans Domestik: 1-800-500-1119
- Victim Response, Inc./The Lodge (305) 693-1170
- Sant Nòt Miami pou Viktim (305) 758-2546
- Sant Sid Miami pou Viktim (305) 247-4249
- Sant pou Tretman Vyòl (305) 585-5185
- Operatè Telefonik pou Miami (305) 358-4357
- Women's Shelter of Hope (Shèltè Lespwa pou Fanm) (305) 888-5001
- MUJER (305) 247-1388